# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–18 मई 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अध्यक्षता में आजु लखनऊ में भइल कैबिनेट क बइठकी में लखनऊ मेट्रो क बिस्तार के सथहीं बारह गो महत्वपूर्ण प्रस्तावन के मंजूरी दीहल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

**आज हुई कैबिनेट बैठक में लखनऊ मेट्रो फेज–1 बी ईस्ट–वेस्ट कॉरिडोर–चारबाग से बसंतकुंज परियोजना के लिए एमओयू को स्वीकृति प्रदान की गयी। बैठक में आगरा मेट्रो रेल कॉरिडोर–2 में आगरा कैन्ट से कालिन्दी विहार तक मेट्रो स्टेशन निर्माण के लिए भूमि हस्तान्तरण के लिए के प्रस्ताव को भी सहमति दी गयी। बैठक में पंचायत चुनाव में ओबीसी आरक्षण तय करने के लिए पिछड़ा वर्ग आयोग के गठन को भी मंजूरी दे दी गयी। बैठक में लखनऊ के डॉक्टर राम मनोहर लोहिया आयुर्विज्ञान संस्थान के नये परिसर में एक हजार दस बेड का मल्टि स्पेशियलिटी इमरजेंसी सेंटर अस्पताल, शिक्षण ब्लॉक तथा नये आपीडी ब्लॉक के निर्माण को भी स्वीकृति प्रदान की गयी। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में एगो निजी मीडिया संस्थान की ओरि से आयोजित कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि आजु उत्तर प्रदेश वर्ल्ड क्लास इंफ्रास्ट्रक्चर उपलब्ध करवले में सफल भइल हौ। प्रदेस में मजबूत नेटवर्क आधार तइयार कइल गइल बा अउर आजु रोड कनेक्टिविटी के क्षेत्र में यूपी नया पहिचान बनवले बा।

**अगर देश के अंदर आपको इन्फ्रास्ट्रक्चर में टॉप–2 राज्यों का चयन करना होगा तो उसमें से यूपी एक होगा। एक्सप्रेस–वे देश के अंदर जितने भी बन रहे हैं। उन एक्सप्रेस–वे में साठ फीसदी एक्सप्रेस–वे यूपी के अंदर बने हैं। इंटर स्टेट कनेक्टिविटी फोर लेन की है।**

**********

स्वीडन, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के कालि्ह अपने ईहां क सर्वोच्च सम्मान 'रॉयल ऑर्डर ऑफ पोलर स्टार कमांडर ग्रैंड क्रॉस' से सम्मानित कइलस। येह मौका पर अपने सम्बोधन में प्रधानमंत्री श्री मोदी कहलें कि स्वीडन क सर्वोच्च पुरस्कार मिलल खाली उनकरे सम्मान नाहीं बा बलुक ई एक सौ चालीस करोड़ भारतीयन क सम्मान हौ।

**यह स्वीडन के हमारे उन सभी साथियों को भी सम्मान है, जिन्होंने भारत–स्वीडन सम्बन्धों को समृद्ध किया, एक मजबूत आधार दिया।**

स्वीडन में मिलल सम्मान प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अबले मिलल ई एकतीसवां वैस्विक सम्मान हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह महिन्ना के एकतीस तारीख के आकाशवाणी से 'मन की बात' कार्यक्रम में आपन बिचार साझा करिहें। ई येह मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ चौंतीसवां कड़ी होई। श्रोता टोल फ्री नम्बर– एक आठ सुन्न सुन्न– एक एक– सात आठ सुन्न सुन्न पर येह कार्यक्रम बदे आपन बिचार आ सुझाव भेजि सके लें।

**********

प्रदेस क लखीमपुर खीरी जिला के ईसानगर थान्हा क्षेत्र में आजु सबरे एगो ट्रक आ एगो वैन के टक्कर में दस जने क मउति हो गइल। ई दुरघटना जिला मुख्यालय से चालीस किलोमीटर लम्मे पीलीभीत–बस्ती राजमार्ग पर अदालीसपुर गांव के लग्गे भइल।

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह सड़कि दुरघटना में भइल जान–माल क हानि पर दुख जतवले हवें। प्रधानमंत्री श्री मोदी प्रधानमंत्री राष्ट्रीय राहत कोस से हर मृतक के परिजन के दुइ–दुइ लाख रूपिया आ घाही लोगिन के पचास–पचास हजार रूपिया क अनुग्रह रासि दिहले क घोसणा कइलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो सज्जो मृतकन के परिजनन बदे चारि–चारि लाख रूपिया क मवाजा दिहले क घोसणा कइले हवें।

**********

केंद्रीय पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्री हरदीप सिंह पुरी आजु वाराणसी में कहलें कि देस में पेट्रोल आ गैस क कउनों कमी नाही बा। केन्द्र सरकार येह समय क परिस्थिति के देखत हरसम्भव कदम उठा रहलि हौ। वाराणसी क जिला विकास समन्वय आ अनुश्रवण समिति–दिशा के बइठकी क अध्यक्षता के बादे पत्रकार लोगिन से बतियावत श्री पुरी देसवासियन के ईंधन क उपलब्धता बदे फेर से भरोसा दियवलें। दिशा क बइठकी के दौरान उहां के वाराणसी के कई गो विभागन क बिन्दुवार समीक्षा करत अधिकारियन के योजनन क परभावी क्रियान्वयन क निरदेस दिहलीं।

**उसका एक इस्टेटस रिपोर्ट दिया, ये इस्टेटस रिपोर्ट जो है एक सौ बीस पेज की है, जिसमें सारी योजना में इंप्लिमेंटेश कितनी हुयी, जहां कुछ कमी है उस पे चर्चा हुयी।**

**********

मौसम विभाग अगिला चारि दिन के दौरान प्रदेस क अधिकतम तापमान में दुइ से चारि डिगिरी सेल्सियस क, ओहीं न्यूनतम तापमान में दुइ डिगिरी सेल्सियस तक क क्रमिक बढ़ोत्तरी क सम्भावना जतवले हौ। विभाग प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी इलाकन में बिहने से ले के एक्कइस मई ले दिन के समय कुछु जगहिनि पर तेज घाम चलले क ऑरेंज अलर्ट जारी कइले बा। येह बिच्चे पूरबी उत्तर प्रदेस क गोरखपुर के सथहीं एकरे लग्गे क करीब सज्जो जिलन में आजु दिन में तेज घाम, भीसण गरमी आ लुह से जन–जीवन परभावित रहल।

**********